



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LWA DWA POU GEN ENFÒMASYON SOU TIYO AN
PLON AN**

***Lejislasyon sante piblik k ap mennen nan nasyon an bati sou epi depase estanda
Federal yo pou notifikasyon tiyo plon***

***Lejislasyon S.5512/A.6115 egzije pou sistèm dlo piblik yo drese envantè liy sèvis
yo epi fè enfòmasyon disponib pou piblik la***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon S.5512/A.6115, ke yo rele tou Lwa Dwa pou Gen Enfòmasyon sou Tiyo an Plon (Lead Pipe Right to Know Act), pou pwoteje Nouyòkè yo kont risk ekstrawòdinè pou sante piblik tiyo an plon yo poze. Lejislasyon an mande pou piblik la jwenn enfòmasyon fasilman aksesib sou kantite ak kote tiyo plon yo ye pou resous eta a ak federal yo ka sekirize ak sible yon fason efikas pou sipòte efò lokal yo pou retire tout tiyo plon ki afekte dlo potab New York yo.

"Anpwazònman plon poze yon danje klè ak prezan pou sante ak byennèt tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon k ap mennen nan peyi sa a pral pwoteje Nouyòkè yo kont tiyo plon yo, ki pwouve yo lakòz domaj ekstrawòdinè. Mwen pran angajman pou m fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou pwoteje sante ak byennèt Nouyòkè yo."

Lejislasyon S.5512/A.6115 mande pou sèvis piblik dlo atravè eta a pataje piblikman konbyen liy sèvis plon ki prezan nan sistèm distribisyon yo ak ki kote liy sa yo ye pou moun yo ak desidè yo ka konprann tout anplè ak dimansyon pwoblèm liy sèvis plon an.

Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen Lwa Dwa pou Gen Enfòmasyon sou Tiyo an Plon mwen an pou li vin yon lwa, epi solidifye pozisyon New York kòm yon lidè nan adopte lwa sou chanjman klimatik pwogresif. Lwa sa a pral fè yon bilan sou enfrastrikti tiyo dlo eta nou an epi asire aksè ak dlo pwòp pou Nouyòkè yo atravè Eta a. Nou dwe konbat enjistis anviwònmantral epi avèk lwa sa a, n ap kenbe kominote nou yo an sante ak an sekirite."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Anpwazònman ak plon se yon pwoblèm sante piblik ijan, epi li afekte timoun ki nan fanmi ki pa gen anpil revni epi ki majinalize yo nan yon fason ki pa propòsyonèl. Lwa Dwa pou Gen Enfòmasyon sou Tiyo an Plon

an pral ede fè timoun ekspoze fas ak plon an vin yon bagay pase. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran mezi sa a pou pwoteje timoun New York yo."

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)